

MASIH belum ada kepastian, apakah yang bakal menjadi tema cerita pendek nomor 200 sepanjang hayatku ini? Senantiasaa kucatat belaka judul cerpen-cerpen yang mampu kutuntaskan, lalu kukirimkan ke sejumlah media sebagai salah satu upaya menjemput rezeki. Tak pernah kuanggap penting ketika jumlah cerpenku mencapai angka 50 atau mungkin 100. Namun, entah mengapa aku perlu menjadikan cerpen ke-200 ini sebagai karya istimewa. Sebagai sebuah perayaan kecil belaka barangkali. Baiklah, kucoba memulainya kini.

“Sebenarnya aku punya hasrat untuk menulis seperti kamu,” ucap seorang temanku yang mengaku kerap membaca cerpenku di media.

“Sepertinya aku mesti melewati banyak penderitaan, sehabis itu barulah aku bisa menulis kisah demi kisah,” sahutku setelah sempat bergeming sejenak.

“Wah, jadi malah menarik ya, kisah hidupmu. Tapi, pasti ada ilmunya.”

“Tentu saja aku banyak belajar dari buku-buku maupun dari para pendahulu di bidang literasi. Aku cenderung setuju dengan apa yang dikatakan Haruki Murakami, penulis asal Jepang itu. Menurutnyaa, dalam hidup aku tak bisa menjadi orang lain, tapi dalam fiksi aku bisa menjadi siapa saja. Aku bisa membayangkan diriku menjadi orang lain. Bisa dibilang ini semacam terapi.”

“Tapi, bagaimana kalian melakukannya? Bagi orang awam yang bukan seniman sepertiku, hal itu sungguh menjadi misteri.”

“Entah kita sadari atau tidak, ketika menghadapi masalah dalam hidup ini, pasti banyak hal yang lantas membuat sedih, gelisah, marah, kecewa, dan macam-macam energi negatif lainnya. Ketika aku mulai menulis cerpen, energi negatif itu bagaikan mendapatkan jalan agar tersalurkan. Menjadi semacam ruang katarsis. Jika semua itu kupendam belaka, barangkali aku bisa jatuh sakit, baik raga maupun jiwaku.”

“Faktanya, kisah-kisah bertema dukacita memang cukup dominan kusuratkan selama ini. Berdasarkan pengalaman, aku sudah kehilangan Bapak, Ibu, kakak sulung, kakek, nenek, dan pamanku. Mereka adalah orang-orang yang memiliki kedekatan secara fisik maupun emosional

Nomor 200 Cerpen : Luhur Satya Pambudi



dalam hidupku. Tentu selalu ada hal-hal yang bisa digali dari sosok mereka yang sudah tiada. Maka terciptalah sejumlah cerpen tentang mereka. Demikian pula pelbagai cerita kandasnya cinta yang kualami sendiri. Namun, tentu aku tak hanya menjadikan diriku dan keluargaku sebagai sumber inspirasi. Terkadang apa yang sedang heboh di masyarakat pun menyumbang gagasan untuk terciptanya karya baru.”

“Bisa kau sebutkan cerpen yang manakah yang kau maksud?” tanya temanku.

“Ketika ada konflik yang terjadi di tubuh PSSI, maka aku menulis dua cerpen: ‘Pemimpin Boneka’ dan ‘Berbekal Wasiat’. Oh ya, ketika heboh pemilihan presiden, aku pun pernah membuat cerpen berjudul ‘Dilema Nesya’. Tentu saja aku tidak secara vulgar menceritakan mereka.”

“Kalau cerpen tentang orangtuamu yang sudah tiada?”

“Aku membuat cerpen ‘Saat Ayah Pergi’ untuk Bapak. Sebenarnya judul aslinya kutulis dalam bahasa Inggris, kesannya lebih puitis. Cuma saat dimuat di sebuah majalah, judulnya diganti ke dalam bahasa Indonesia.”

“Apakah judul asli cerpen ‘Saat Ayah Pergi’?”

itu.”

Selain menulis cerpen, aku pernah menjadikan kemampuanku dalam bermain piano sebagai pekerjaanku. Padahal aku bisa memainkannya tanpa pernah belajar secara formal kepada siapa pun. Nah, pada tahun ke-13 menjadi musisi, datanglah pandemi yang membuatku serta-merta berhenti bekerja di bidang itu. Namun, kendati untuk sementara bermain piano tak lagi menghasilkan rezeki berupa materi, tapi aku masih bisa mendapatkan ruang katarsis lainnya saban kali memencet tuts-tuts berwarna hitam putih di rumahku. Terima kasihku, tentu saja kepada kedua orangtuaku yang puluhan tahun silam membeli sebuah piranti musik yang masih bisa dimainkan oleh anak mereka hingga kini.

Aku tak yakin apakah yang kusuratkan ini sudah layak dikatakan sebagai cerpen atau sebatas racauan tanpa makna bagi sesiapa. □

) **Luhur Satya Pambudi, lahir di Jakarta dan tinggal di Yogyakarta. Cerpenya pernah dimuat di sejumlah media cetak maupun digital. Kumpulan cerpenya berjudul ‘Perempuan yang Wajahnya Mirip Aku’ (Pustaka Puitika).*

Oase

Nurul Lathiffah SYAKBAN KE(PADA) RAMADAN

membilang hari padamu,
adalah menghitung sisa-sisa napas
menjelang sebuah kepulangan

lantas kata-kataku seumpama sampan kecil
:karam di sebuah tempat yang akrab
sekaligus waktu yang asing

seharusnya sajadah sudah kubentangkan
dan *wirid-wirid* merahaj ruang hampa
namun nyatanya aku justru tersesat
pada rimba-rimba perasaan
yang durinya belum aku kenali sebelumnya
Gunungkidul, 11 Maret 2022

PEREMPUAN LANGGAR

: *datang di waktu senja tanpa tangkapan layar*

perempuan-perempuan senja membawa sisa tenaga
juga mungkin usia,
ke dalam *langgar* dengan serpihan hati
separuh terluka, separuhnya lagi berdoa

di antara riuh *ree/s* perempuan-perempuan belia
tertatih lirik mereka menempatkan lidah
menunaikan keluarnya huruf sesuai hak-haknya

hati kadang bergemuruh, mengingat harap masa belia
yang belum jua menemukan ruas nyata
tapi terayun tenang jiwanya
karena betapa pun hanya tinggal kulit cokelat-
melapisi raga.

Mereka masih setia. Sebagai hamba.
Gunungkidul, 13 Maret 2022

PAKET PERASAANMU, SALAH ALAMAT?

: *atau aku yang salah merasa.*

kusalin tatapanmu pada sajak ini.
benci, kecewa, jenuh, dan muatan-muatan kemarahan
kuterima tanpa buru-buru membuka (segel) suara

hanya padaNya saja. Kukirimkan kembali,
agar aku tak melakukan salah lagi untuk kesekian kali.
Gunungkidul, 13 Maret 2022

) **Nurul Lathiffah, lahir di Kulon Progo, 21 September 1989. Menulis puisi, cerpen, dan esai di berbagai media massa. Kini sedang menggagas kelas literasi sastra anak di Madrasah Diniyah Baitul Hikmah, Gunungkidul.*

MEKAR SARI

JAM tangane Satmoko nuduhake angka 04.00. Nanging jam tembok ing Bandara Schipol Amsterdam nuduhake jam 10.00 bengi. Jame Satmoko WIB, jam ing Schipol wektu Nederland. Ing negara Landa jam 10 bengi, Yogya jam 04.00 esuk. Kanggone Satmoko sing kulina ing Indonesia, hawane Amsterdam wayah bengi krasa adhem njekut, senadyan nganggo jaket kandel.

Satmoko lungguh ijen ing *ruang kedatangan*, ngenteni dipethuk Purwono, kanca SMA

sing saiki dadi dhosen ing Amsterdam. Satmoko tekan negara Landa iki sing ngundang Purwono. Acarane Satmoko crita pengalamanane ambyur ing jagading sastra Jawa. Crita marang wong-wong Jawa asli saka Indonesia, lan wong Jawa keturunan Suriname sing manggon ing negara Landa. Kejaba kuwi uga sawetara mahasiswa lan peneliti budaya Jawa saka negara Landa.

Satmene Satmoko rumangsa durung apa-apa. Lha durung duwe buku karya ijen, duwene nembe sawetara antologi cerkak lan geguritan bebarengan karo pengarang liya, kababar dening Dinas Kebudayaan utawa Kundha Kabudayan DIY. Karya Satmoko liyane sawetara crita sambung ing majalah basa Jawa, banjur tulisan nganggo basa Indonesia.

Seneng bisa tekan Nederland? Satmoko seneng wong ya kepengin. Nanging satmene rada kabotan. Lha wayahe pasa Ramadan, kepeksana dadi ora pasa marga lunga adoh. Sesuk bubar Riyaya Idul Fitri wajib nyaur oleh ora pasa. Kanggone Satmoko, pasa ing sanjabane Ramadan krasa abot. Yen ing wayah Ramadan swasana gawe-ati

grengseng kanggo ngibadah. Akeh kancane. Apamaneh ing Ramadan ngibadah ganjarane tikel, donga dikabulake. Nanging kepriye maneh, anane udangan ngepasi Ramadan. Arep nampik kok ya eman-eman, durung karuwan ing liya wektu ana kalodhangan kaya ngono. Lan sing cetha oleh honor kena kanggo riyayan sesuk.

Adheme sansaya njekut, Satmoko wiwit gigilen. Jarene, ya kahanan kaya ngene iki sing nuwuhake wong-wong Indonesia ing mancanagara, krasa yen

sing ora-ora. Batine misuhi Purwono, nyiksa wong.

Banjur kupinge Satmoko krungu swara aneh. Iki ing Schipol, kok ana wong kothekan gugah-gugah saur. Budaya Jawa, swara kenthongan, saron, lan kendhang. Wiwitane lambat-lambat banjur tambah cedhak, tambah cetha. Satmoko bingung, apa rungon-rungonen? Halusinasi? Satmoko banjur pasrah, sajake dheweke krasa bakal ngalami kedadeyan sing ora nyenengake. Mati kadhemen ing negara Landa. Swara kothekan sansaya cedhak, sansaya cetha.

“Saur... saur!” swarane wong-wong tambah cedhak tambah rame, thok-thek thok-thek nggugahi wong sing arep nindakake sahur.

“Pak Satmoko...! Niku cendhelane dereng ditutup!” keprungu ana sing mbengok nyebut Satmoko.

Gragap! Byar! Satmoko kaget! Bandara Schipol ilang! Dheweke ora njingkrung ing bangku bandara, nanging ing *spring bed* kamare.

Mung nganggo kathok cendhak lan kaos oblong tipis, cendhela kamar menga. Angin mlebu kamar. Mulane hawane adhem. Satmoko kelingan, mau mulih taraweh, saking ngantuke, udhar-udhar terus gabrus turu. Lali cendhela kamar sisih njaba ora ditutup.

Gela jebul mung ngimpi, nanging uga muji sukur tujune mung ngimpi. Satmoko banjur menyat nutup cendhela, metu saka kamar gugah-gugah anak bojo. Sing kothekan uga terus mubeng RW gugah-gugah.

“Saur... saur... saur.” □

Ngayogyakarta, Maret 2022



ILUSTRASI JOS

Indonesia pancen swarga ing Katulistiwa. Panas ora panas banget, adhem ora adhem banget. Nuwuhake rasa tresna marang tanah wutah getihe.

Satmoko wiwit ndredheg kadhemen, sing methuk durung teka. Wong-wong pating sliri, ing sacedhake Satmoko, nanging ora maelu ana wong kadhemen. Bandara rame akeh wong, nanging Satmoko krasa mung ijen. Siraha wiwit krasa ngelu, untune kemluthuk, padha tarung karepe dhewe marga kadhemen.

Wusanane Satmoko ora kuwat, banjur njingkrung mlungker ing bangku bandara. Thukul pikiran

Geguritan

Lintang WM :

WENGINE ISIH DAWA

wengine isih dawa
sepi lan hawa atis pijer gandhengan
ngripta crita sing bisa nyenggol rasa
ngenani duratmaka tansah sesingidan
ing petenge kebonan
utawa patrap-patrap pethakilan
nedya ngrenah sapa wae
sing luntur kaprayitnane

wengine isih dawa
becik dianggo tugur melekan
ing gelaran klasa njereng donga-donga
: duratmaka lan patrap-patrap pethakilan
wurung nggelar crita ora mbejaji
ing sisane wengi

wengine isih dawa
apa sliramu isih ketungkul dolanan
impen-impen murahan?

SAJADAH

apa ana sing ngerti kepriye rasane
dikrenah, diajab cilaka ora ana lerene?

saben dina bregajul lan brahala
pijer glibedan ing ngarep mata
tangane nyekel pedhang mingis-mingis
sing dadi incerane enggal tapis gusis

aku ora arep maknani
kaya ngapa rasa sing njejaki dhadha
awit wektu wis kadhung micara

ing kene
aku mung bisa nggelar sajadah
ngundha donga tan ana kendhate
ora mikir tongkat Musa
kanggo nggepuk bregajul lan brahala

SKETSA KAMAR

ing kamamu bisa dakwaca cetha
ukara-ukara sing kuwawa nggeterake dhadha

lajere pangigit-igit kadhung lunjak-lunjak
angel disanak, ora bisa dipenggak
lan aku ngungun marang puterane wektu
apa klakon tatu-tatu terus tinemu?

2021

CRITA SAKA TOTOGAN DALAN

yen wengine wis teka
lan sepi anguk-anguk cendhela
saka totogan dalan pojok omah
capet-capet keprungu tembang panantang
tembange wong katam ngronce krenah
ing lumahe karpet abang

sedhela maneh bisa dibatang
bregajul-bregajul bakal jejingklakan
sesumbar nedya gawe karang abang
sapa wae sing wis klebu cathetan

aku mung bisa ngelus dhadha
nggagas patrap ora mbejaji sansaya ndadi dumadakan ing kupingku ana sing mbisiki,
“Wancine nggelar sajadah ngundha donga ora-orane krenah bakal tumama selagine kateguhan lan kapitayan tansah jinaga!”

2021

KENANGAN LAWAS

ora perlu ndhudhah kenangan lawas
yen mung bakal gawe getering maras
dheweke sing kadhung lumajar
dongakna murih nemu lampu gumebyar

kenangan ana kalane kudu disingidake
ing papan sing ora kena dijamah sapa wae
murih dina-dina ora kabidhung sesanggan
parane laku bisa kasembadan

“Dheweke mung dadi perangane wektu
ora ana critane yen nganti ngrendheti laku!”

ora perlu ndhudhah kenangan lawas
delengen, ing ngarepmu wis cumawis
sewu pituwas adoh saka jerit lan tangis

2021